

Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun

Lahirna Gusti
Yesus



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku: M. Maillot

Disaluyukeun ku: E. Frischbutter; Sarah S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin



Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2011 Bible for Children, Inc.


Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo
ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami
sanes kanggo tujuan komersil.




Kapungkur Allah ngutus
malaikat Gabriel kahiji
parawan anau
namina Maria.



Anjeuna nyarios ka
Maria "Anjeun bakal
boga anak anu bakal
dijenengan Yesus.



Mantena bakal disebut
Putra Allah anu Maha
Agung, Mantena
kawasa salalamina."



"Kumaha carana?"

Maria naros ka malaikat
anjeuna heraneun

"Abdi teh pan
teu acan
gaduh
caroge."



Malaikat nyarios
ka Maria, yen eta
Murangkalih teh
sumpingna ti
Allah, sanes
ti jalma
biasa.



Malaikat oge nyarios ka
Maria yen saderekna
anu namina
Elisabeth
oge bakal
gaduh
putra,
sanaos
yuswana



tos sepuh.

Ieu teh mangrupikeun
mujiat oge. Teu
lami ti harita
Maria sumping
ka bumi
Elisabet,
aranjeuna
muji Allah



sasarengan.



Maria teh tos
tunangan sareng
saurang
pameget
anu
namina
Yusuf.



Yusuf ngemut
yèn orok anu
dikandung ku
Maria teh
pasti sanes
putra Yusuf,
tapi putra
ti pameget
sanes.



Yusuf ngimpen, dina
impenanana malaikat
Allah nyarios ka Yusuf
yen Orok anu di kandung
ku Maria teh nyaeta
Putra Allah.



Tugas Yusuf nyaeta
kedah ngabantosan
Maria ngarorok Yesus.



Yusuf percanten, anjeuna taat ka
Allah. Anjeuna
oge Taat kana
aturan



nagara.



Kumargi aya aturan enggal, Yusup
sareng Maria
kedah angkat
ka kota



asal
aranjeuna,
nyaeta

Betlehem, kanggo mayar pajak.



Maria tos
ampir bade
nagalahirkeun.





Tapi Yusuf teu
kenging tempat
anu tiasa
dijantenkeun
tempat

lahiran
Maria, ...



... sadaya
tempat tos
parinuh.



Yusuf ahirna mendakan
kandang sasatoan.



Di tempat eta the
Yesus dibabarkeun.



Ibuna ngabobokeun Yesus
dina tempat nyatuan
sato.



Di caket eta, aya pangangon-
pangangon anu nuju
karulem.



Malaikat nyumpingan eta pangangon
teras ngadugikeun warta
anu sae pisan.



"Poe ieu geus medal pikeun maraneh
di Kota Daud, saurang
Juru Salamet,
nyaeta
Gusti
Kristus.



Maneh bakal manggihan aya Orok
anu diebogkeun dina
pamakanan."



Nuju kitu kaluar malaikat-
malaikat anu hurung
cahayaan, ...



... muji ka Allah "Mulyakeun Allah
di langit nu pangluhurna,
di bumi sing aya
kerta



keur sakur
manusa anu
kamanah ku Allah."



Pangangon-pangangon the
terras wae ka kandang eta.



Saatos ningal Orok Yesus,
aranjeuna masihan terang ka unggal
jalmi anu papendak sareng
aranjeuna, ...



... naon-naon anu di
saurkeun ku Malaikat
ngeunaan Yesus.





Opat puluh poe ti harita, Yusuf sareng Maria nyandak Yesus ka Bait Allah di Yerusalem. Didinya teh aya saurang jalmi anu namina Simeon.





Simeon muji ka Allah
waktos ningal
Yesus, aya oge
anu namina
Anna, saurang
badega Gusti,
Anna oge
ngucap syukur
waktos ningal
Orok Yesus.





Duanana terangeun
yen Yesus teh
Putra Gusti
Juru Salamet
anu tos
dijangjikeun.



Yusuf masihan kurban
2 japati.





Kurban ieu
mangrupakeun
hukum Allah anu
nyebatkeun yen
jalmi teu gaduh
mah kedah
nyandak japati
waktos
masrahkeun
putrana di
bait Allah.




Sababaraha
waktos ti
harita,

aya bentang anu
hurung cahayaan
di belah wetan.




Bentang eta
teh janten
pitunjuk ka
urang

Majus waktos
aranjeuna milari
Yesus ka Yerusalem.



"Dimana
Raja urang
Yahudi
anu

nembe
dibabarkeun
teh?"



Raja Herodes
nguping wartos
ngeunaan urang
Majus tea,
Raja Herodes
reuwaseun
pisan, ...



... enjeuna
miwarang ka
urang Majus
sangkan masihan
terang ka Raja
upami tos
mendakan
Yesus.



"Kaula oge
hayang muji
Anjeuna" saur
raja Herodes
teh.



Tapi Raja
Herodes teh
bohong, padahal
mah Raja
Herodes teh
bade maehan
Yesus.





Bentang anu aya dibelah wetan
tea teh nunjukeun ka hiji
tempat nyaeta
bumina Yusuf
sareng
Maria,
sepuhna
Yesus.



Urang Majus teras nyarembah,
maruji, teras Yesus
dipasihan hadiah
nyaeta emas,
sareng
minyak
seungit.





Allah ngemutkeun
ka urang Majus
sangkan mun uih
teh ulah wawartos
kasasaha.



Herodes ambekeun
pisan. Herodes
ngagaduhan tekad
kudu maehan
Yesus, ...



... raja anu bengis
eta teh ahirna
maehan sakabeh
orok anu aya di
Betlehem.



Tapi Herodes
teu tiasa
ngaraheutan
Yesus, kumargi
di emutkeun
dina impenan, ...



... Yusup nyandak
Maria sareng
Yesus ka tempat
anu aman
nyaeta di
Mesir.



Waktos raja
Hererodes
maot,



yusup
nyandak deui Maria
sareng Yesus kaluar ti Mesir.



Aranjeuna
hirup di kota
alit anu



namina
Nazareth anu
caket sareng danau Galilea.



Lahirna Gusti Yesus

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Mateus 1-2; Lukas 1-2

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130



Rengse



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.



Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

